Мусуков А. ТІ. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиІэ и экономист» цІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэм зегъэужьным зэфІэкІыщхъэ зэрыригъэлІам папщІэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиІэ и экономист» цІэ льапІэр фІэщын **Мусуков Алий ТІэхьир и куэм** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министрым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м
№83-УП

Бэлагы Б. Б. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхьхэм Іуэхутхьбзэ яхуэщIэнымкІэ и ІэнатІэм щIыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм зегъэужьным зэфІэкІыщхъэ зэрыригъэлІам папщІэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиІэ и Іуэхутхьбзэ яхуэщIэнымкІэ и ІэнатІэм щIыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр фІэщын **Бэлагы Борис Башир и къуэм** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ПромышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрэхэм зэгъэужьным зэфІэкІыщхъэ зэрыригъэлІам папщІэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и департаментым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м
№84-УП

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№111(21.519) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЩIыхь зыпылъ

Махуэку кІуэм, мэкъуауэгъуэм и 12-м и пэ къыхуэу, КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен ныбжьыщIэ 45-м паспортхэр яритыжащ.

КЪАНОКЪУЭ Арсен и гъусэу школакІуэхэм яІуIащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **ДыщэкІ Мадинэ** , хьыбарегъащIэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядлэжьхьэмрэ щIалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр **Пащты Борис,** егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкІэ министр **Щхьэгъэнсо Сэфарбий,** Іэпхъуэщапхъуэ Іуэхухэмкіэ федеральнэ Іуэхущапіэу КЪБР-м щыІэм и Іэтащхьэ**Сокъур Олег,** «ЩIалэгъуалэм я урысей союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщІ **Шаваев Ильяс** сымэ.

Ямэ къэпсэлъа Къанокъуэ Арсен ныбжьыщIэхэм защIэхуигъаэм жиІащ Урысей Федерацием и махуэм ирихьлIэу, тхыдэмкІэ зиІэ къэрал уардэм и тхылъыр балигъ гъащIэм хьыхьэу щыкІуэхэм зэрыратым мыхьэнэщхуэ зэриІэр.

- Урысейм и щIыхьэу щытыпыр дэтхэнэм дежкІи щIыхьщ, - жиІащ Президентым. - Абы хэзэгъ пщещI къэралым, жылагъуэм, благъэм, Іыхьлым я пащхьэ жэуап зэрыщыпхьыщ. Апхуэдэуи Урысей къэралыгъуэм и зыужьныгъэм уи гуащIэ епхьащIэн кьалэныр кьышхуегъэув абы. КьыщыныэмыщIауэ, ныбжьыщIэм и увыпIэр гъащIэм къыщигъэтыжьныкІэ, псэукІэ дахэ иухуэныкІэ Іэмал хъарзынэхэр кьрет.

ЗэІуцIэр езыгъэкІуэкІа Бэч Азэмэтрэ Вэрокъуэ Залинэрэ зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм пашэ щыхьуа сабийхэр кьыдашурэ, Кьанокъуэ Арсен паспортхэр яритащ, апхуэдэуи Урысейм и Конституцэмрэ хьэщын цIыкIуфэкIухэмрэ тыгъэ хуащIащ.

Езы ныбжьыщIэхэри гукъэкІыншэгъэкъым - я Іэдакъэщ Іэкіэхэмкіэ, саугъэт цІыкІуэхэмкІэ КЪБР-м и Президентым хуэупсащ.

Сабийхэм кьабгъэдэкІыу фІыщІэ псалъэкІэ кьулыкъущIэхэм зыхуагъэзащI Жамборэ Мадинэтрэ Хьэкъуэ Алинэрэ. Адэ-анэхэм кьабгъэдэкІыу УФ-м и ныбжьыщIэхэм схьэхьащ Бачиев Алим. Кьыщхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ зэхуитэщащ Скибэ Татьянэ.

ЗэІуцIэм и кІэухым Къуэ Марьянэ уэрэд жиІэри, ныбжьыщIэхэм КЪБР-м и Президентым щIыгъуу фэеплъ сурэт зытраГъэхащ.

НЭЩЦЭПЫДЖЭ Замирэ.

Фестивалыр кьыхэІуех абы и кьыхэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дыщэкі Мадинэ.

«Студент гъатхэр» - Кавказым»

МахуэщкІэ Налшык щекІуэкІащ Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм хьыкъ республикэм, крайхэм, областхэм щыщ щIалэгъуалэ гупхэр зыхэта «Студент гъатхэр» - Кавказым» фестиваль.

ЗЭМАНКІЭ уэлъэбэкІыжмэ, мыпхуэдэ Іуэхугъуэ тІэунейрэ Налшык щекІуэкІащ. Иджы, ильэсибгъу дэкІауэ, хьэщІэ егъэблагъэныкІэ зихуэдэ щымыІэ республикэм и щыхьэрым аргуэру кьыщыхьэхуэсащ УФ-м и Ипщэ Федеральнэ округым хьыхь щIыналъэхэм я щIалэгъуалэ гупхэр. Фестивалыр УФ-м Спортымкіэ, туризмэмкіэ, щIалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэм, ЩIалэгъуалэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм, КЪБР-м Хьыбарегъащ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьнымрэ щIалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкІэ, Щэнхабзэмкіэ и министерствэхэм, КъБКъУ-м, КБКъМА-м, Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым зэхащащ.

Фестивалым и щIалэгъуалэ гупым и утыку ятыкІэм кІэльыплъащ Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щыщ зиІэ и артист **Хубаевэ Зариноэ**, Астрахань областым щIэнхабзэмкІэ и министерствэм Гъуэзджэмкіэ и центрым и лэжьакІуэ **Сазоновэ Ларисэ**, усакІуэ-уэрэдыс **Харин Сергей**, Урысейпсо къэбакІуэ зэгухьэныгъэм и тхъымадэ **Кокоулин Андрей**, Хореографиемкіэ дунейпсо центрым, иджырей кьафэхэмкІэ театр-школым и художественІэ унафэщІ **Тимофеев Андрей**, «Унисон» театрым и унафэщІ **Ибаттулин Ирек**, Урысейм цIыкІ гъуэзджэмкІэ и академием и президент **Булыгин Виталий**, МКъУ-м и студент театрым клоунадэмкІэ и студиет и унафэщІ **Марьяхинэ Еленэ**, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къбэрдей-кьэрал драмтеатрым и унафэщІ **Шыбзыхъуэ Басир**, КЪБР-м щIыхь зиІэ и артист **Мамучиев Кемал**, уэрэджыкІакІуэ цІэрыІуэ **Ракитин Иринэ** сымэ.

Лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэжьыр, щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыгъэсэу щIалэгъуалэр зэпыщIэныр эи мурад нэхъыщхьэ гуфІэгъуэ зэхуэхьэр кьыхэзыгъэуахьм иращIэхі пшыхьыр мэкъуауэгъуэм и 10-м Музыкэ театрым щыхьэхтащ. Ар ирагъэкІуэкІащ зэгурыІуэныгъэр **Дол Эллэ** (КъБКъМА), **Бэч Азэмэт** (Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт), **Гузеевэ Мадинэ** (КъБКъУ) сымэ. Абыхэм наІуэ кьащIащ фестивалым хэтыну гупхэр кьыздикІа щIыналъэхэр икІи ахэр утыкум кьрагъэблэгъащ: Астрахань, Волгоград, Ростов областхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Адыгэ, Къэбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Щэрджэс, Дагъыстан, Ингуш, Къалмыкъ, Щэшэн, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэхэм я лІыкІуэхэм я щIыналъэхэм я ныпхэр яІыгъуу кьыздэхуэсахэм я пащхьэ кьихьащ.

Адэкіэ псалъэ ираташ фестивалым и кьыдэзэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **ДыщэкІ Мадинэ**. Ар кьеджащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал университетым и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий**.

- Нобэрэй гуфІэгъуэ зэхьыхь дахэм кьихьэлІа ныбжьыщIэхэм ящыщ куэд хэтащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен япэ дыдэу щIалэгъуалэм ядригъэкІуэкІа зэІущIэм, - жиІащ Къарэмырзэм. - Абы щыгъуэм щIалэгъуалэм республикэ Унафэщым зыхуагъэзат «Студент гъатхэр» - Кавказым» фестивалыр Налшык щрагъэкІуэкІыу зэтраублэжьыну елъэІуу. Зы лъэныкъуэкІэ гугъуехь хэмылъу кьыщыхьуми, тІыштэхьым а лъэІур бгъэзэщІэнырэ, ауэ КЪБР-м и Президентым щIалэгъуалэм яритра псалъэр игъэлъэжащ. Ильэс кІуам и кІэхэм Кьанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм я Іуэхур зэфІэгъэкІыну пщэрыль щиІри, фестивалыр и Іуэгу техьэжащ. Ильэс куэд дэкІами, фестивалым зэгуэр иришэжьа псьпэм кьыпещэ, икІи, ягъэхэмэ хуэдэу, иджыри абы и хэщапІэр Налшыкщ. ЗэІущIэм хэт псоми фи мурадхэр кьыцвэхулІэну си гуапэщ, апхуэдэуи фІыщIэ яхуэсощ нобэ хуэдэ махуэшхуэ щIалэгъуалэм къаухуэзэныгъэщацэхэм. ЩIэблэм яку мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ дэлъмэ, дунейм зэпІэзэрытыныгъэр щытепщэнущ, икІи апхуэдэ щытыкІэм щэсыпІэ хуэхьур ныбжьыщIэхэм я гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэращ, фІыкІэ дыщIэзэхьыхьи щхьэусыгъуэ куэд диІэну Тхьэм жиІэ!

«Урысей студент гъатхэ» урысейпсо программэм и унафэщІ **Махноковэ Анастасие** и къэпсэлъэныгъэм кьыхэщащ «Студент гъатхэр» - Кавказым» щIыналъэ фестивалым ди къэралым и адрей хэгъэгухэмэ я щIалэгъуалэр кьыщыІибыдэну зэрихьэхэрэщи.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

Екіуу зыкъагъэлъэгъуащ КъБКъУ-м и къэфакІуэхэм.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэралым и гуфІэгъуэ махуэ нэхъыщхьэмкІэ - Урысейм и махуэмкІэ - КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьехъуэхъащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Анатолий и къуэр

Пщіэ зыхуэсщІ Арсен Башир и къуэ!

Къэралым и гуфІэгъуэ махуэмкІэ - Урысейм и махуэмкІэ - сынохьэхьэу. Уэзыншагъэ уиІэну, екьулІэнзыщІэхэр кьэпхьыну си гуапэщ.

Къэралым и тхьідэм и иужьрей лъэхъэжьм увыпІэ хэха щеубыд мэкъуауэгъуэм и 12-м. Урысейм и махуэр кьыгъэхьпІэ имыІэу пыщIащ щхьэхуитыныгъэмрэ демократиемрэ я фІыгъуэхэм, цІыхум, гражданиным и хуитыныгъэхэр япэ игъэщIыным. Мы зэманым ар епхащ жылагъуэм и экономикэ, социальнэ, пэжу щытынымкІэ хабзэхэм дытету, лъэпкъ куэду зэхэт ди цІыхубэр зэкьуэзыгъэувэ фІыгъуэхэр тхьумэуэрэ, дэ зыхуэдгъэувыжа мурадхэр фІэкІыпІэ имыІэу зэрызэдгъэхьулІэнум, сыт хуэдэ гугъуехьхэри кьыхэзэрызэдэкІынум шэч кьытесхьэкьым.

ЕкьулІэныгъэ уиІэну, фІыгъуэу щыІэр кьохьулІэну си гуапэщ.

Урысейм и махуэм ехьэлІа хъуэхъу КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьыхуигъэхьащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІ Путин Владимир Владимир и къуэм

Пщіэ зыхуэсщІ Арсен Башир и къуэ!

Урысейм и махуэмкІэ сынохьэхьэу.

А гуфІэгъуэр дэ Хэкум, абы и тхьідэм, и нобэмрэ и кьэкІыуэмрэ кьыгугъэхьпІэ имыІэу дыз эрыпыщIам и дамыгъэщ. Дэ псори дызэкъуечІэныр Урысейр льэщу, щхьэхуиту, демократием и хабзэхэм тету, зызыужь кьэралу тІьагъэну дызэрыхуІщэкъэм.

Хэкур фІыуэ льагъунымрэ абы и цІыху щэнхабзэ псэукІэр лъэхъэнэм кьиригъэувхэм ерагъэнэуным псори зэрыхущIэкъум, дызыхуэкІуэ ильэсипщIым кьиІуибыдэу цІыхухэм псэукІэ тэмэм яІэнымрэ Урысейм щІэгъэхуэбжьауэ зиужьнымрэ кьыхэзэрытэнэщІну Іуэхуэхэр дэгъэкІыным. Си фІэщ кьэхъу урысей жылагъуэм и кьару зэхэлькІэ дэ я мурадыр зэрыхэдгъэхьулІэнур.

Насып уиІэну, уэзыпэрыт Іуэхум ехьэлІэныгъэхэр кьыщыпхьыну, уи ІыхьлІэхэм фІыуэ щыІэр кьехъулІэну си гуапэщ.

Щыхуэ зытелъхэр хэІущІыІу ящІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Къэрэшей-Шэрджэсэнэргэ» ОАО-м и пресс-Іуэхущапіэм и унафэщІ Байраиевэ Лунэз зэрыжиІамкІэ, электрокьару кьагъэсэбэпамкІэ щыхуэзу сом минитху пэхьрэ нэхьыбэ зытелъ, унагъуэхэм я спискэр яджыблагъэ зэхагъэуваш.**

ЩIыхуэ зытелъ унагъуэхэр 100-м ноблагъэ. Ямэхэм ящыщу сом мин 15-м нэхьгъэблэгъахэм я унэцІэхэр щIыпІэ газетхэм кьытрадзэнущ, нэхьыбэ зытелъхэм я Іуэхуэхэр судым ягъэхьынущ.

ЗэпІэзэрыту зеужь

АДЫГЕЙ. ***Дызэрыт ильэсым зэрыщIидзэрэ республикэм хэхъуэу сом мелуан 993,8-рэ ящIащ. Нэгъабэ ельытауэ ар сом мелуан 106-кІэ нэхьыбэщ.***

ИДЖЫБЛАГЪЭ щIыпІэ правительствэм иригъэкІуэкІа зэІущIэм Адыгейм финансхэмкІэ и министр Дол Долтэбий зэрыщыжиІамкІэ, республикэм накьыгъэм телъа планыр процент 98,5-кІэ игъэзащIащ.

ЗэІущIэм щыхьэпхъэжащ Адыгейр зыхэта «Урысейм и бизнес цІыкІумрэ курыТыномрэ я махуэр» урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэм кьрикІуахэм. Абы щIыналъэм кьыщыщIагъэкІ продукцІу 19 яшатІ, псоми дипломхэр кьыщыхьэхуэрэ кьыхуагъэфэщащ, ягъэхьэзыра экспозицэм папщІэ дыщэ медалитІ кьратащ.

Кьапэщытхэр яубзыху

АБХЪАЗ. ***Республикэм нэхъыщІ кьагъэхуэхэмкІэ и министр Шамба Сергей иджыблагъэ яІущIащ «World Vision» дунейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщІу щытэ Повреничий Анэзэ абы и пІэкІэ ягъэува Рас Кристоферрэ.***

АБХЪАЗЫМ Нэгъуэщі къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм кьыхэзыритамкІэ, лъэныкъуэхэр тепсэлъыхьащ «World Vision» зэгухьэныгъэр щIыналъэм зэрыщыІэжьа иІэсэитым кьрикІуахэм, кьапэщытхэм кьалэнхэм, ягъуэщІхэми. Абы кьыхэзыщIэхэщамкІэ, Абхъазым бизнес щIыкІуэ епха социальнэ Іэнатіэ 17, бдзэжьей, мэкьуэмэш хозяйствэхэр къэгъэщIэгъэнэжьыным, сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэуГуэр кьыхэзгъэпэщыным ехьэлІа проект зэмылІэужьыгъуэхэр щолажьэ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙОлег.

Хъыбар гуапэ

Милицэм и генерал-лейтенант Томчак Юрий

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ зэкьуэгъэувэ къБР-м щыІэм я лэжьыгъэм къриКІуахэм щыхэпІэжьа, къапэщыт кьаІэнхэм ящыщу гулъытэ нэхъ зыхуэзащIыпхьэхэр щаубыхуа зэІущIэр Іуэхуэхэр гуапэкІэ кьыхэзгъэхащ. Зи кьалэныр хьэлэлу езыхьэкІ я лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхущIащ зыбжанэм кьэрал дамыгъэ, фІыщІэ тхылъхэр, зи чэзу званиехэр ираташ.

УФ-м и Президентым и Унафэкіэ, къэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ и министру КъБР-м щыІэ Томчак Юрий милицэм и генерал-лейтенант щІэр кьыщащІащ. Апхуэдэуи абы УФ-м и МВД-м и ЩIыхь тхылъыр, республикэм лъэпкъ зэгурыІуэныгъэмрэ жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ щегъэфІэкІуэным хуищІа хьэтхъэныгъэм папщІэ КъБР-м и Президентым кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъыр кьыхуагъэфэщащ.

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ Томчак Юрий цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм я лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхущIащ абыхэм министерствэм и лэжьыгъэр нэсу кьыхэзгъэльэгъуэн, республикэм щыпытыкІэ тэмэм щызэтегъэувэным хуэгъэзауэ куэд зэрызэфІагъэкІым папщІэ. Урысей МВД-м и пресс-ІэнатІэр кьыхэзрыхэзгъэпэщрэ ильэс 26-рэ зэрыриКъум и щIыхькІэ, КъБР-м щыІэ МВД-м и ЩIыхь тхылъхэр журналист гупышхуэм яритащ. Апхуэдэ гупыпІэ зыхуащIахэм ящыщу «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь» республикэ газетхэм я корреспондентэху Уэдокъуэ Жения, Мэзбахъуэ Зинандэ, Темموев Мухьэдин, Кьущцэхьунэ Мурат сымэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Сэтэней.

Аруан куейм и мэкъумэш хозяйствэхэм я губгъуэхэр бейщ хьэщІий, овес, джэщ, кІэрТІофэ, горох, нэгъуэщІ кьэкІыгъэхэмкІи.

СЭХУРАНУ гектар 255-рэ, нартыхуу 5842-рэ яІэщ. Махуэ зыбжанэкІэ и кІэм нагъэсыныщ силосыпхъэ нартыхур хэсэныр. Сэнэм кьыкІэрымыхьуу, химиматхэмкІэ елэжьыну хуэсащ бжьыхьэсэу гектар 4164-м. Губгъуэ лжьыгъэхэм кьадэкІуэу, районым и жыг хадэхэми щэней-плІэнейрэ хущхьуэ траутхащ, Жыгъэкіхэм зэрыжаІамкІэ, щIыІэтыІуэ екІуэкІа гъатхэм зэранигъэ кьахуихьакьым икІи мэгугъэ пхъэщхьэмыщIхьэр мы ильэсым бэгъуэну.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Аруан куей

Бэгъуэщогуъ

Ираным щекІуэкІа президент хэхьныгъэхэм кьыздэгъэльэгъуамкІэ, Ахмединеджад и телъхьэу процент 62,63-м іэ яІэтащ.

Абы хэхьныгъэхэм кьыщыпэщІэта Мусави Мирхоссейн и телъхьэхэр процент 33,75-рэщ зэрыхьэр. А бжыгъэхэм гъэпцІагъэ зэхуэмыдэу Мусави телеэфирым зэрыщыжиІэу, абы и телъхьэхэм зыкъаІэтри, кьапэува полицэм ебэуащ. Уэрамхэм Іэпщэрыбанэ щеслыгъэжьахэр яубыдри, кьэралыр щым хьужащ. Ауэ пэкІуэкІэр щокІуэкІ хамэ кьэралхэм.

ЦІыху 200 хуэдиз Брюссель щыІэхэзэхуэсащ Ираным и посольствэм деж. Абыхэм кьагъэуВ Ираным щекІуэкІа хэхьныгъэхэм гъэпцІагъэ хэлъу Бельгием кьиІультэу, а хэхьныгъэхэр щІэрыщІэу егъэкІуэкІыжьхьи хуейуэ кьыхилъхьэну. Экспертхэм хуагъэфащэ Ираным и цІыхуэзэ зэрызэпэщІэуВар США-м и тІасхъэщІэххэм я лэжьыгъэу.

Здэгъэтіылъэнущ

Евросоюзым хьыхь кьэрал 27-м энергетикэмкІэ я министрхэр зэгурыІуащ щыІалагъэ ГъэтІылъыгъэ ящІыну. ГъэсныпхъэмкІэ я Іуэхур хьэлъэ хъумэ, кьызэдагъэсабэрын папщІэ.

- ЩIыдагъэр зэпэубыда хъумэ, ар ди кьэралхэм я щыгнагъэншагъэм и шэсыпІащ, - жиІащ Чехием промышленностымкІэ и министр Тошовски Владимир.

Кьащта ГнафэмкІ кьызэрагъэувыжьмкІэ, Европоюзым хэт кьэралхэм щыІагъэу яІэм и Іыхьэ щаназр гъэсныпхъэу яхъумэн хуейщ. А унафэм еубзыху гъэтІылъыгъэр кьыщагъэсэбэпыну Іуэхугъуэхэр зыхуэдэрэ.



● ЮАР-м щагъэльапІэ щІалэгъуалэм и махуэр, 1976 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м расист полицэм зэтриукІыжьа Соуэтэ демонстрацэ щезыгъэкІуэкІ ежьакІуэхэр. Ахэр арэзыгъэкъым курыт еджапІэхэм щІэбгъэм щІэныгъэ кьыщІахьфымкІэ, я андэлъхьэзмкІэ зэрырамыгъэджэмкІэ.

● 1925 гъэм Кърымым ныщыщэІуахащ «Артек» Союзпсо пионер лагерыр (иджы дунейпсо сабий центрыр).

● Адыгэ тхакІуэ, журналист **Ахъмэтыкъуэ Къазибэч** кьыщалъуа махуэщ (1870 - 1929 гъ.гъ.)

● Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 5-рэ дакъикъэ 24-м, къуэхьэнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 49-м.

● Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 25-рэ.

ПІанэпэр зыгъэхъэзырар ГъУщІО Зарифщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Губзыгъэм и щыуагъэ ещІэж.

Дзэлыкъуэ куей

Я лэжьыгъэр къапщытэ

Гъэцым щеІэжь Іуэхущапіэу Дзэлыкъуэ куейм щыІэхэм я лэжьыгъэр республикэ комиссэм къыщыпытащ.

КУЕЙ администрацэм мэкъумэшымрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэр, мафІэкъымыгъэхъуным кІэльыплъхэр, кьабзагъэкІэ зыхуэят хуэгъэзауэ лэжьыгъэр гъэзэщІэныр кьэщагъэсэбэпыну Іуэхугъуэхэр зыхуэдэрэ.

Комиссэм хэтахэм кьызэрагъэльэгъамкІэ, гъэшым щелэжь Іуэхущапіэхэм дагъуэ куэд хуащІакъым. Абыхэм хуабжьу ягу ирихьащ щатэ, шху, нэгъуэщІ гъэшхэкІэхэри кьыщыщІагъэкІ «Регион-Продукт» ООО-р. Уебгъэм абыхэм жаІащ апхуэдэ Іуэхущапіэ зэпыщІэр щыІэм зэрыщылажьэр зэрагъапэр.

Кьахута ныкъъсанытэ мащІэхэр зэрагъэзэкІужьну чэнджэщхэр кьапщыта предприятэхэм ираташ. Комиссэм и лэжьыгъэм адэкІи пищрнущ.

БАЦЭ ФатІимэ.

«Адыгэ псалъэр» кьыхьызох

Пощтэхьэм и жэуап

БАХЪСЭНкьалэм и автобус кьэувыІэпІэм сытету, гу лыыстащ спэмыжьжьЪэу щыт пощтэхьэм «Адыгэ псалъэ» газетыр нанэ гъэрым зэрыпытым. СфІэгъэщІэгъуэн хьурэ пощтэхьэм сеупщащ щІэджыкІакІуэ куэд иІэрэ имыІэрэ, щыхуэм кьаззэрыщыхьур кьэсщІэну сызырызыгІэрыжеслащ. Пощтэхьэм кьызитыжащ сызыпэмыплъа жэуап хьэлэмэт:

- Иджыпсту Іукіыжа нанэмрэ и гъунэгъу фызыжьымрэ я пенсэр кьаззэремэщІэкІым кьыхэжьІну, газетыр чэзууэ традзэ. ИкІи КъБР-м кьыщыщІэкІ газет псоми ящыщу «Адыгэ псалъэм» эдж иджыри кьэс епщыжьакъым.

Си гуапэ хъуат «ди сомыр армырами тхуриКъуркъым» жамыІэу фІыуэ яТаГъу газетыр зыІэрагъэхьэным Іэмал кьызэрызыгъуэгъат.

Дэтхэнэ адыгэ унагъуэми «Адыгэ псалъэ» яІарыхьэн хуейщ, жалэ кІэдым, абы кьытехуэ хъыбархэр ушыщІэмэ, адыгэ дунейм щекІуэкІыжьи уэзрыщымыгъуэзэнур фІыуэ я кьагурыІуэу.

ТАБЫШДинарэ.

Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуейтмэ

Фиу къыдогъэкІыж 2009 гъэм и екІуэкІ ильэс нэхъыщІэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ ящІэнымкІэ зэрекІуэкІыр.

Ильэс нэхъыщІэм газетым и уасэр сом 356-рэ ирилъхьащ 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ ящІэнущ хуэдиз республикэм и пощтэ Іуэхущапіэхэм псоми.

Ди пущхьэр 51531

Иджыри къэс хуэзэIэкIа Iуэху щхьэпэхэм адэкIи

● Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и VIII зэхуэсышхуэ

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

ДИ ГАЗЕТЫМ зэрытетащи, мэкъуауэгъуэм и 5-м Налшык щызэхэтащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и зи чэзу зэхуэсышхуэ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къудамэу республикэм и районхэм, къалэхэм, къуажэхэм щыIэхэм я лIыкIуэхэр, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, къэрал къулыкъущIапIэхэм, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщу къарагъэблагъахэр, журналистхэр кърихьэлIэуэ екIуэкIа отчет-хэхыныгъэ зэхыхьэр купщIафIэу, лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэу щытащ. Апхуэдэу къарагъэблагъауэ Хасэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкъо щIэлэгъуэдэм я Iуэхущхьэ, КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу Къумыкъу Борис, КъБР-м и Ветеранхэм я советым и унафэщI Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм и пэублэм къызэхуэсахэр дакIыкъэкIэ хуэщыгъуащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтауэ нужьрей илъэсищым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм, зэфIихьа Iуэхухэм теухуа псалъэмакъым кIыхь зримыгъэщIу (ахэр псори щызэхуэхьсауэ тетащ мэкъуауэгъуэм и 5-м кыдэкIа «Адыгэ псалъэ» газетым), ХьэфIыцIэ Мухьэмэд тепсэлъыхьащ дызэрыт зэманым лъэпкъыр зыгъэпIейтей Iуэхухэм, гулыгъэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэхэм, япэ игъэщауэ, зэфIэхын хуейуэ нобэ дызыIуэхэм.

- Къэбэрдей Адыгэ Хасэр ди республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъ инхэм икIи зэфIэкI зиIэхэм ящыщ, - жиIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. - Ар къэуэнэхуауэ щытащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм - цIыху мащIэ лъэпкъхэр зыщIэгупсысыж, я къэкIуэнум игъэпIейтей щыхъужа зэманым. 2010 гъэм и накъыгъэ мазэм КъАХ-р кыхэзыгъэрагъэпэщрэ илъэс 20 ирикъунущ. Адыгэ Хасэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжауэ нобэр къызэдасым ирихьэкIыр анэдэлъхубзэр хуэмэныр, лъэпкъ тхыдэр джыныр, щэнхабзэр егъэпIэкIуэныр аращ. Псом япэ идгъащ а къаланышхуэхэм къадэкIуэу, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм нэгъуэщI пщэрылъ инхэри иIэщ. Псалъэм папщIэ, дэ дыхуэпщокIу кIэрахьэм, республикэм власти щызыIыгъхэм, кулыкъу лъагэ зезыхьэхэм, ди псэукIэр кхъэзэщIэпэщхэм я нэIэ зытетым хуейхэм ящыщ гуэрхэр яIэщIэхуэмэ, гу зэрыльедгъэтэжьыным. Власти къехъулIэ е зыхуэмысу Iуэхуэхэр Хасэм сэтей къещIикIи ар зэфIэхьыным хуэзгъэпсэу унэтIыныгъэхэр зэрытхылкIэ абыхэм захудогъаз. Аращ зэрыщытын хуейр, къэрал кулыкъущIэхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ лъэпкъым ифI зыхэлъ зэгъуэсэу яIэжьынумэ.

Адэкlэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд нэхъ пыухыкIауэ къытеувыIащ адыгэ щIалэ Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур, гъэлъэпIэным теухауэ КъАХ-м зэфIиигъэкIхэмрэ ищIэну игъэхьэзырхэмрэ, иу къеуэу кыхихигъащ а Iуэхумкlэ КъБР-м и Правительствэм зэхиша кьзэгъэпэщакIуэ гупыр идкыри къэс зэи зэзэхуэмышIэсар, ар къагъэсбэпу КъШР-м а Iуэху дыдэмкIэ яIэ орэкомитетым Iуэхугъуэ пыухыкIахэр зэрызэфIигъэхIыр. Кыдэрыщ IэкIымкIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и къалэхэм куэду щыфIэдзащ къэрэшейхэм я «Хьэшыр Чылар» и сурэтхэмрэ плакатхэмрэ, уеблэмэ абы и цIэр ХьисэкIэ зэрахъуэкIащ, инджыри къэс ди щIэныгъэлIхэм абы и адэщIэ кьахуэмыщIэр Мусэу къыщIрагъэдзащ. Къэрэшей щIэныгъэлIхэр адыгэ тхыдэм «зэрыхэIэбэ» нэгъуэщI щапхъэхэри кхиха нэужь, КъАХ-м и тхьэмадэм зыхуигъэзащ КъБР-м хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, уеблэмэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкъо щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министр Пащты Борис - Правительствэм и Унафэщ Iыр, КъызэрэгъэщакIуэ комитетым и пашэр, зи гугъу ящIахэм щигъэгъуэзэну икIи къызэгъэпэщакIуэ гупыр икIэщIыпIкIэ зэхуишэсыну елъэIуу. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм абы и Iуэхукlэ зэфIигъэкIахэм щытепсэлъыхьым, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жиIащ «Кавказым и альпинист №1 Хьэшыр Чылар» зыфIища и тхылъыр, ХьэшырыI и лIыгъэм папщIэ ятха уэсэхмрэ сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIамрэ абы теухауэ щыIэ дэфтэрхэр щызэхуэхьэсауэ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Думэн Хьэсэн игъэхьэзыра тхылъ купщIафIэмрэ мыгувэу дунейм къызэрытехьэнр, махуэшхуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Нарт», «Хасэ», «Черкесское зарубежье» газетхэм я номер зэхэт, юбилей медалхэр, маркхэр кыдагъэкIыну зэрамурадыр. Апхуэдэу МухьэмэдI кыхихIгъэщащ Хьэшыр Чылар и фэеплъу Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэм куэдрэ «и фэ зэрыгъэхыр», а фэеплъыр Iэпсэуль эпсэууэ абдеж зэрыщамыгъэтыр, Iуащхьэмахуэ япэу дэкIа адыгэ щIалэм и фэеплъ куэд щIауэ Налшык дэтым, абы и щIэр зезыхьэ Iуэрам щыIэн зэрыхуейр, н.кь. А псом якъ иткIэ, зэфIэхьипхъэу кьиулъэтэ Iуэхугъуэ 19 кьыщыгъэлъэгъуа тхыльхIэ КъАХ-м КъБР-м и Правительствэм нэгъабэ зыхуигъэзащ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу зэфIигъэкIхэм я гугъу щищIащ, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд апхуэдэу къытеувыIащ илъэсипщIым нызэрыхьэсауэ «Адыгэ псалъэ» газетым, КъАХ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм зэгъэсуэу ирагъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дунейр» республикэпсо зэпеуэр ефIакIуэу, егъэджакIуэрэ ныбжьыщIэ куэд дыдэрэ къызэщIиубыдэу зэрыщытым, ар КъБР-м и гъунапкъэхэмебэкIуауэ Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгейми зэрыщаублар, мыгувэу хэкIэ адыгэхэмрэ къыддащтэну зэрамурадыр. КъАХ-м и гуащIэрэ и псалъэ унэтIыныгъэхэр зэрытхылкIэ абыхэм захудогъаз. Аращ зэрыщытын хуейр, къэрал кулыкъущIэхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ лъэпкъым ифI зыхэлъ зэгъуэгъуэ яIэжьынумэ.

Адэкlэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд нэхъ пыухыкIауэ къытеувыIащ адыгэ щIалэ Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур, гъэлъэпIэным теухауэ КъАХ-м зэфIиигъэкIхэмрэ ищIэну игъэхьэзырхэмрэ, иу къеуэу кыхихигъащ а Iуэхумкlэ КъБР-м и Правительствэм зэхиша кьзэгъэпэщакIуэ гупыр идкыри къэс зэи зэзэхуэмышIэсар, ар къагъэсбэпу КъШР-м а Iуэху дыдэмкIэ яIэ орэкомитетым Iуэхугъуэ пыухыкIахэр зэрызэфIигъэхIыр. Кыдэрыщ IэкIымкIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и къалэхэм куэду щыфIэдзащ къэрэшейхэм я «Хьэшыр Чылар» и сурэтхэмрэ плакатхэмрэ, уеблэмэ абы и цIэр ХьисэкIэ зэрахъуэкIащ, инджыри къэс ди щIэныгъэлIхэм абы и адэщIэ кьахуэмыщIэр Мусэу къыщIрагъэдзащ. Къэрэшей щIэныгъэлIхэр адыгэ тхыдэм «зэрыхэIэбэ» нэгъуэщI щапхъэхэри кхиха нэужь, КъАХ-м и тхьэмадэм зыхуигъэзащ КъБР-м хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, уеблэмэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкъо щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министр Пащты Борис - Правительствэм и Унафэщ Iыр, КъызэрэгъэщакIуэ комитетым и пашэр, зи гугъу ящIахэм щигъэгъуэзэну икIи къызэгъэпэщакIуэ гупыр икIэщIыпIкIэ зэхуишэсыну елъэIуу. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм абы и Iуэхукlэ зэфIигъэкIахэм щытепсэлъыхьым, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жиIащ «Кавказым

ХИГЪЭХЪУЭН ХУЕЙЩ

Ар си гукъеуэхэм ящыщ зыуэ фи пащхьэ къислъхьауэ аращ. Абы кьыдэкIуэу ди Хасэ тхъэмадэм теухуауэ псалъэ зытIу жысIэну сыхуейт. Адыгэ лъэпкъым и жьэгу мафIэр имыгъэнкIыфIыну хэту ХьэфIыщIэ Мухьэмэд хуэзэфIэкIам хуэдизэ зэгъуэгу зы лIым илэжьйуэ сэ сщIэркъым. Пэжщ, абы хуэмыарэзы щыIэнкIи хъунщ, «Лъэпкъыр зыIут Iуэху къиин къомыр щиLъагъукIэ, сэ кърихыну щхьэ щIэмыпхъуэрэ, - апхуэдэ зэхэщIыкI дэкIа зимыIэм жиIэу. Ауэ лъэпкъ Iуэхум жэуапльныгъэу пылъымрэ и кIуапIэмрэ зыщIэм къыгуроIуэ Мухьэмэд фIыщIэрэ щIыхьрэ зэрыхуэфащэр. Тхьэм куэдрэ дяпэ иригъэт, абы хуэдэ лIы Iущхэр къытхэмытамэ, дыззыт зэманым лъэпкым и Iуэхухэр нэгъуэщI зыгуэрхэм хуэзIуэнкIи хъунт.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и VIII съездым апхуэдэу къыщыпсэлъащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик, ДАХ-м и тхъэмадэм и япэ къуэдзэ **Думэн Хьэсэн**. Абы и къэпсэльэныгъэр нэхъ тегъэщIауэ щытащ лъэпкъ тхыдэр щIэблэм зэрыгатьдж тхыдыкъэм хильагъу ныкъусаныгъэхэм, апхуэдэхэр мызэ-мытIэу къызэрыхъуам, абы дяпэкIэ къытримыгъэзэн щхьэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэмрэ гу зылъытапхъэхэмрэ, абы ипкъ иткIэ унафэ пыуыкIа икIэщIыпIэкIэ къамыщтэмэ, къэгъэзапIэ имыIэжу Iуэхур зэхэзэрыхьынкIэ зэрыкъынур.

Къызэхуэсахэр я пащхьэ кхихьащ Абхъазым и щхьэхуитныгъэм щIэзэуа адыгэ щIалэхэм я зэгухьныгъэм и пашэ **Бекъшокъуэ Алексей** икIи Iуэхугъуэ пыухыкIа зыбжанэ кхихилъхьащ.

- Япэрауэ, дэ зыхэднэн хуейщ ди тхыдэм «къытхуи дэмрэ къытхуимыгъэгъуэгъуэ мрэ» зэпэтщэчуэрэ, абы гъуэрыгъуэапщкIэ дэджагуныр, - кхыхигъэщащ Бекъшокъуэм. - Дапщэщ адыгэ лъэпкъым и тхыдэр пэжу утыку къыщитхъуэфынур? Дэ нобэ дызэрыубыдрэ ди лъэпкъ Iуэху зедмыхуэжмэ, дэри ди бынхэри IэфIу щагъэнсэунукъым ди лъахэм, сыту жыпIэмэ, нэрылъагъущ сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи ар тIэщIэзыгъэкIыну кхыдэныкъуэкхъуэ я гуращэхэр. 2009 гъэм и бжыхьым илъэс ирокъу Абхъаз, Осетие Ипщэ республикэхэр къэралыгъуэ щхьэхуит зэрыхъурэ, абы и унафэхэм УФ-м и Президентым Iэ зэрытридзэрэ. Абы ипкъ иткIэ, шыщхьIу маф эм щууейI 59-рэ зекIуэ едгъажьэу Цхинвалрэ Сыхъумрэ дгъэкIуэну ди мурадщ. Абы кхыыхьну зэрыхуеймкIэ куэдым льэIу тхыльхэр кхыдатащ, ауэ фэри, КъАХ-м и VIII съездым и лЫкIуэхэм, а Iуэхур кыддэфIыгъыну дыхуейт. ЕтIуанэ дэ кхыхьдолъхьэ Адыгэ щIалэгъуэлэм я Дунейпсо Олимп Джэгухэр (Всемирные Черкесские Игры Доброй Воли) 2012 гъэм Налшык щедгъэкIуэкIыну. Адыгэр зы дыхъужьи, дуней псом щихъха ди лъэпкъгъуэхэм я щIэблэр зэхуэтшэсыи, абыхэм я зэхуаку зэпыщIэныгъэрэ зэныбжьэгъуегъэрэ дэтлъхьан мурадкIэ мы Iуэхури етхьэжащи, кхыдэфIитIу дыфщогуть. 2012 гъэм ар едгъэкIуэжкIыну кхыщIыхэтхар адыгэ лIакъуэ 12-м и дамыгъэу ди ныпым тет вагъуэ 12-м хуэдгъэфащэрти аращ, махуэ 12-кIэ едгъэкIуэкIыну ди гугъэщ. Абы тещIыхьауэ программэшхуэ догъэхьэзырри, Iуэхур щIедгъэкIуэкIым и щхьэусыгъуэ 12 зыхуэдгъэуважащ, япэ дыдэу абы кхыщигъэлъэгъуари Адыгэ дунейм рэ Урысей Федерацэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныгъ, нэхъыфI, нэхъ лъэщ щIыныгъ. Зи гугъу тщIы Iуэхум фызэреплъхэжкIэ фыкъыддэгуэщэну ди гуапэщ, дызэрыитъэIыгъ. Лъэпкъыр зэкъуэтмэ - лъэщщ!

Адэкlэ псалъэ иратащ КъБКъУ-м и доцент, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Щэныбэ Юрэ**. Абы и псалъэмакъыр иублащ КъАХ-м и тхъэмадэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд и IуэхущIафэхэм арэзы зэрыдэхъур къэIуэтэнымкIэ.

- Адыгэ жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я форумми къыщыхэзгъэщащ иджыпстуи жысIэну Iэну сыкуейщ жылагъуэ лэжьакIуэ емызэщ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд лъэпкъым пащIэ Iуэху щхьэпэ куэд зэриаэжыр, ауэ, абы и цIыху щыкIэм ипкъ иткIэ, ар дэтхэнэ зыми къыгурыIуэни иLъагъуни хуэдэу хэIущIыIу къызэрэзыщ, дяпэкIи и Iуэху дахэ хъуну сфIэфIщ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэр лэжьэн, efIэкIуэн хуейщ, иджыри къэс хузэфIэкIа Iуэху щхьэпэхэм адэкIи хигъахъуэу къэгъуэгурыкIуэн хуейщ. Абыкlэ джэлэсу сэ сльагъур ХьэфIыщIэ Мухьэмэд абы и тхъэмадэу къыкIэлъыкIуэ пIалъэми къэгъэнэжьныгъ.

Щэныбэ Юрэ жиIащ къэбэрдей нэхъыжьхэм я хасэ кхыъэрагъэпэщауэ ар щатхынум (регистрацэ щащIынум) зэкIэ кхызэрызэтригъэувыIар, а жылагъуэ зэгухьныгъэм езыр зэриунафэщIыр, я Iуэхухэмрэ я унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ кхыщыпсэлъащ Адыгэ жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я Зэзыгъэ1у советым и унафэщI, тхъэдэж **Къалмыкъ Жылэбий**, КъБР-м хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Пащ ты Борис**, КъБКъУ-м и кафедрэм и унафэщI, бзэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **ЦIыпIынэ Аслъэн** сымэ, нэгъуэщIхэри.

- ПщIэ зыхуэсщI си къэпсэльэгъуэх! СынэхъыщIэми, фыкъыхуэзоджэ нобэ щыIар- зэхуэсахэм отчет-хэхыныгъэ Iуэхум пыщIа псалъэмакъым дыкъытеВмыгъэкIыну, - жиIащ ЦIыпIынэ Аслъэн. - Сэ зэрысщIэмкIэ, нобэ щыщIэхуэсар Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэм и псалъэ дедаIуэу, блэкIа зэманым КъАХ-р зэрыдэжьамрэ хуэфIэкIамрэ дыхэпльэну, хасэ тхъэмади хэтхыну аращ. Абы ипкъ иткIэ, сэ жысIэну сыхуейщ иджыри къэс тхъэмадэу щытам адэкIи дзыхь хуэтщIу, а пщэрыльхэр къыбгъэдэднэныр зэрысфIэкъаблыыр. Мы утыкум къыщыпсэлъа куэдым жаIам дахэу кхыхэщащ иужьрей ильэсибгъум хасэ тхъэмадэу щытам и цIэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ зэгуэхыпIэ имыIэу зэрызэпхар. КъАХ-р зезыхьэ тхъэмадэр егъэлеяуэ псэемыблэжу лэжьакIуэшхэщ, уэзщIакIуэ нэсщ, кхызэгъэпэщакIуэ хьэлэмэтщ, жэрдэмщIакIуэщ, лъэпкъым и щхьэщыжакIуэщ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэр зезыхьэр лъэпкъым дежкIэ фащэу щытын хуейщ, абы и лъэныкъуэкIи сыт хуэдэ утыку къымыхьами (щIэныгъэм хуэкIуащ икIи кхыхэзхуэса псори ХьэфIыщIэ Мухьэмэд Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэу къэнэжьнэхъ кхыхэращтэр IэIэткIэ къагъэлъэгъуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зэхуэсым и лIыкIуэ псори зэдэарэзыуэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд КъАХ-м и тхъэмадэу хахьыжащ. Абы и ужькIэ кхызэхуэсахэм Iэ яIэтащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым, и Советым, Нэхъыжьхэм я советым, ЩIалэгъуалэ къудамэм, къэпщытакIуэ гупым хэтныхэм я спискэхэм папщIэ, апхуэдэу кхызэращтащ зэхъыкIэр зэрекIуэкIам ипкъ иткIэ ягъэхьэзыра документищыр.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Шапсыгъ Хьэсэн.

Балэ Людмилэ.

Ныбэжь Таисэ.

Унэж Кашиф.


КъущхьэтIу Хьэутий.

Думэн Хьэсэн.

Пащты Борис.

Къалмыкъ Жылэбий.


Бекъшокъуэ Алексей.

ЦIыпIынэ Аслъэн.

Мамырыгъэм и хэщIапIэ ирехьу!

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и VIII зэхуэсыщхуэм хэтахэм Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭ Ди къуэшхэ, ди щыпхъуэ!

Дэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и VIII зэхуэсыщхуэм и лЫкIуэхэм, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ псомй лъэIукIэ зыфхуэдогъаз: ди лъахэ дахэм илъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ зэгъуэсу дыкъэхъумэ.

Кавказыр ящыщщ пасэрей дыдэ цивилизацэхэр къыщыунэхуа щыпIэхэм. Ди лъахэр куэд щIауэ цIэрыIуэщ щIыуэпсым и дахагъэмкIи, абы щыпсэу цIыхухэм я хахуагъэмкIи, Iулыджымкlи, Iущагъымкlи. Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, псом япэрауэ, и джэлэсщ зэрахьэ динымрэ зыщыщ лъэпкъымрэ елыытауэ зэхэгъэжрэ псалъэмакърэ къэмыхьыным. Кавказыр лъэщмэ, зэIуэпэщмэ, зэпIэзэрыгъ зиужьмэ, ар и щыхьэт наIуэщ демократимэрэ федерализмэмрэ я лъабжьэу Урысей Федерацэрэ ипшкIэ зэрыкIуатэм.

Адыгэ лIакъуэ псоми хуэдэу, къэбэрдейхэми ягъэващ лЭщIыгъуэкIэрэ лъэпкъым и щхьэ кърикIуа бзылъхьэ къомыр. Абы кхыхэкIыу дэ фIы дыдэу кхыдгуроIуэ лъыгъажэрэ зэныкъуэкъуэрэ зи нэгу щIагъэкIа адрей лъэпкъэр.

Ди бынхэм, анэхэм, къуэшхэм, шыпхъухэм, Кавказым щыпсэу жылагъуэ псоми щхьэкIэ тхьы жэуапльныгъэм и инагъыр зыхэтщIэу, дэ дылъыхуэн хуейщ мамырыгъэм и хэкIыпIэхэм, дэтщыщ дэтхэнэми и гъащIэмрэ и щIыхьымрэ зэрытхъумэным.

ديгъуэрэ ди гулъытэ зэрыт мамырыгъэм и хэщIапIэ ирехьу! Урысейми дуней псоми я нэхъыфI дыдэ щIыналъэу Кавказ Ищхьэрэр кърещIэрэщIэж!

Налшык къалэ, 2009 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 5.

Зэгурыгуэмрэ зызэхэщIыкIынымрэ нэхъапэщ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и VIII зэхуэсыщхуэм хэтахэм адыгэ лъэпкъым ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭ

Дэ псори, нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри, цIыхухъуэри бзылъхъугъэхэри, дызэкъуэзыгъэуэр зы бзэ зэрыгъуэгурыIуэрэ, зы блэкIарэ зы адэжь лъахэрэ дызэриIэрщ.

